

## Regleman Kanpay Elektoral CCE 2021

### Felitasyon poutèt ou poze kandidati w pou yon pòs nan Konsèy Edikasyon Kominote oswa pou Konsèy Edikasyon Vil la!



Menmsi mennen kanpay pandan yon pandemi mondyal ka yon gwo defi, nou swete lis bagay **“pou fè ak pa fè”** sa a ap ede w devlope estrateji pou yon kanpay k ap fè w genyen.

Ane sa a, Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE) ak Kowòdonatè pou lidèchip fanmi (Family Leadership Coordinators, FLCs) pral sipòte Konsèy Prezidan yo pou òganize fowòm vityèl pou kandida, ki pral pèmèt chak kandida

gen opòtinite pou prezante tèt yo dirèkteman bay moun k ap vote yo. Yo pral pibliye tou tout non ak deklarasyon kandida dapre konsèy sou sit wèb DOE a nan yon paj Eleksyon Konsèy Edikasyon Kominote ak vil (CCEC) ki la pou sa. Nou ankouraje tou Asosyasyon Paran/Asosyasyon Pwofesè/Paran (PAs/PTAs) ak lòt òganizasyon edikasyon pou fè aktivite “rankontre avèk kandida yo”, depi yo envite tout kandida yo.

Teknoloji—apati platfòm reyinyon sou wèb ak medya sosyal pou komunikasyon elektwonik—pral jwe yon wòl santral nan kanpay ane sa a. Nou ankouraje tout moun pou itilize nouvo anviwònman vityèl sa a avèk pwofesyonalis, respè, ak entegrite, k ap kenbe aksè pou tout moun. Vyolasyon flagran regleman kanpay la ka debouche sou yon mezi pou sansyone prive oswa piblik oswa diskalifikasyon.



## Regleman Kanpay Elektoral CCE 2021

### Sa w ka fè nan Kanpay la

- **Do** kreye lis distribisyon pou ka voye fasilman materyèl kanpay bay gwoup elektè potansyèl pa imèl, medya sosyal ak pa lapòs.
- **Do** kreye yon adrès imèl espesyal k ap idantifye fasilman kominikasyon kanpay (paegzanp, JohnDoe4CECXX@gmail.com).
- **Do** itilize kont medya sosyal pèsònèl ou, blòg oswa sitwèb pou fè pwomosyon pou kandidati w.
- **Do** ekri atik, editoryal, oswa afich blog, k ap ede fè pwomosyon pou opinyon ak konsepsyon konsènan pwoblèm edikasyon.
- **Do** otorize zanmi avèk fanmi pou fè volontè pou ede w fè pwomosyon pou kanpay ou.
- **Do** òganize ak patisipe nan rankont ak evènman vityèl pou pèmèt ou fè pwomosyon pou ide w ak bay elektè potansyèl ou yo opòtinite pou poze kesyon.
- **Do** distribye afich ak lòt materyèl nan katye w, nan reyinyon kominotè, tou pre lekòl yo, (pa sou pwopriyete DOE), nan pak oswa lòt zòn piblik kote w ka jwenn elektè potansyèl.
- **Do** fè pwomosyon pou kandidati w nan fowòm piblik oswa prive ki pa gen rapò avèk DOE, tankou reyinyon administrasyon kominotè, reyinyon asanble kominotè, ak lòt evènman.
- **Do** pote ak montre materyèl kanpay nan evènman kanpay DOE ap òganize, tankou Fowòm Kandida yo.
- **Do** kenbe yon dosye depans (tankou resi oswa bòdwo) lajan ou depanse nan kanpay ou.



## Regleman Kanpay Elektoral CCE 2021

### Sa w pa ka fè nan Kanpay la

Regleman sa yo jeneralman relete pwovizyon ki nan Regleman Chanselye D-130 (Chancellor's Regulation, CR) k ap gouvène itilizasyon bilding ak resous kandida yo pou yon fonksyon. Nan mezi regleman sa yo ogmante oswa modifiye pwovizyon CR D-130, yo ka jwenn apwobasyon amandman Regleman Komite Edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP).

- **Don't** pa itilize enfòmasyon pou kontakte oswa lis distribisyon ou jwenn nan men yon anplwaye DOE oswa atravè yon wòl lidèchip paran kounye a oswa avan anndan DOE.
- **Don't** pa afiche enfòmasyon oswa lòt materyèl ki montre w se yon kandida, oswa fè kanpay nan espas vityèl DOE sipòte (paegzanp, PA/PTA, Konsèy Prezidan, SLT, Tit I PAC, DPAC, CPAC ak nan reyinyon CCEC) eksepte pou Fowòm Kandida DOE ap fè, tankou reyinyon òganizasyon paran kote yo envite tout kandida yo.
- **Don't** pa itilize lekòl oswa ekipman DOE oswa resous pou fè oswa distribye materyèl kanpay.
- **Don't** pa piblye oswa distribye materyèl kanpay nan yon lekòl oswa bilding DOE, tankou voye materyèl pa lapòs bay PA/PTA oswa nenpòt lòt moun.
- **Don't** pa voye materyèl kanpay nan adrès imèl ofisyèl DOE òganizasyon paran.
- **Don't** pa pibliye, oswa mande moun pou poste materyèl kanpay sou kont medya sosyal oswa sou sit wèb nenpòt òganizasyon paran DOE patwone (tankou PA/PTA, Konsèy Prezidan, SLT, Tit I PAC, DPAC, CPAC ak CCECs).
- **Don't** pa mande anplwaye DOE oswa yon Asistan administratif CCEC pou distribye materyèl kanpay pou ou.
- **Don't** pa poze kandidati avèk lòt kandida ansanm, kòm yon gwoup oswa alyans òganize, tankou òganize evènman ansanm, pwodui afich ankomen, youn ap andose lòt, oswa pataje slogan, logo oswa ensiy.
- **Don't** pa pataje resous kanpay, oswa bay finansman oswa sèvis pou lòt kandida.
- **Don't** pa depanse plis pase \$500 dola nan kanpay ou.
- **Don't** pa mande oswa aksepte kontribisyon kanpay oswa don an nati nan men moun oswa òganizasyon tankou sèvis bank telefòn oswa piblisite.
- **Don't** pa solisite oswa aksepte andòsman moun ki eli, tankou manm Kominote aktyèl oswa manm Konsèy Edikasyon Vil la; nan òganizasyon kominotè, politik, relijyen, sendika oswa gwoup enterè espesyal.